

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode jeung Téhnik Panalungtikan

Dina ieu sub bab baris dipedar ngeunaan metode jeung tehnik panalungtikan.

3.1.1 Metode Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan, métode panalungtikan anu digunakeun nya éta métode *deskriptif*. Numutkeun Panggabean “*penelitian deskriptif adalah akumulasi data dasar dalam cara berpikir deskriptif semata, tidak mencari saling hubungan, menguji hipotesis, membuat ramalan, atau mendapat makna implikasi*” (Panggabean, :20).

Nurutkeun Amir Suyatna (2002:14), ieu métode digunakeun pikeun mariksa atawa ngadéskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan pakta-pakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu.

Métode déskriptif nya éta salasihiji métode anu bisa ngaréngsékeun atawa ngajawab pasualan aktual ku jalan nempuh léngkah-léngkah, ngmpulkeun, ngklasifikasikeun, analisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan jeung nyieun laporan. Dipilihna ieu métode, sangkan bisa leuwih museur dina ngungkulan masalah-masalah nu keur disanghareupan.

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Data ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun tés. Tés anu digunakeun nya éta méré tés nulis carpon ka Siswa Kelas VII RSBI jeung Reguler SMPN 1 Lembang.

3.2 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan salah tafsir dina ieu panalungtikan, kukituna di handap ieu baris dijelaskeun wangenan operasional dina ieu panalungtikan, di antarana:

1) Éjahan

Éjahan téh nya éta aturan atawa kaédah nuliskeun kecap nu ngawengku aspék fonologis, morfologis, jeung sintaksis.

2) Nulis

Nulis mangrupa hiji prosés kreatif ngébréhkeun eusi haté jeung pikiran dina wangun tulisan tujuana pikeun, misalna méré nyaho, ngayakinkeun, atawa ngahibur.

3) Carita Pondok

Carita pondok mangrupa salasahiji wangun ti prosa anu panjang kekecapanana ditangtukeun nya éta ti 2.000 kecap nepi ka 10.000 kecap.

3.3 Lokasi, Populasi jeung Sampel

Dina ieu panalungtikan anu jadi lokasi, populasi, jeung sampel nya éta saperti ieu dihandap.

3.3.1 Lokasi

Lokasi dina panalungtikan ieu nya éta SMP Negeri 1 Lembang, Kecamatan Lembang, Kabupaten Bandung Barat.

3.3.2 Populasi

Populasi anu dicandak ku panalungtik dina ieu panalungtikan nya éta Kelas VII di SMPN 1 Lembang.

3.3.3 Sampel

Sampel anu digunakeun di ieu panalungtikan ti sakola SMPN 1 Lembang nya éta kelas VII B salaku kelas RSBI jeung VII C salaku kelas Reguler.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Pikeun meunangkeun data nu diperlukeun dina panalungtikan ieu instrumen anu digunakeun nya éta mangrupa tés nulis.

3.4.1 Tés Nulis

Tés nu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta tés nulis, dimana siswa dibéré pancén nulis carita pondok. Cara meunteun nu dilakukeun pikeun meunteun hasil tés anu dibérékeun ka siswa ngaliwatan kritéria meunteun. Dina kritéria meunteun ieu ngagunakeun skala 1-5, ti kurang pisan nepi ka hadé pisan. Faktor – faktor anu dipeunteun dina kritéria meunteun nya éta nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, jeung ngagunakeun tanda baca.

TÉS NULIS

Jieun hiji carpon anu katangtuanana saperti ieu di handap:

- a) Wangun karangan: Carpon
- b) Téma:
 - 1) Jalan-jalan ka luar kota
 - 2) Piknik ka tempat wisata
 - 3) Jalan-jalan ka musieum
- c) Komponén anu dipeunteun:
 - 1) Kualitas jeung lingkup eusi
 - 2) Nuliskeun aksara
 - 3) Nuliskeun kecap
 - 4) Ngagunakeun tanda baca
 - 5) Karapihan tulisan
- d) Waktu: 2x40 menit

Nurutkeun Rahman (2005: 44-45) aya sababaraha kritéria dina meunteun karangan siswa. Sangkan leuwih jéntré di handap baris dijelaskeun dina format meunteun.

Tabél 3.1

FORMAT MEUNTEUN

KRITERIA PENILAIAN	SKOR	TINGKAT
Kualitas jeung lingkup eusi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Nuliskeun aksara	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Nulis kecap	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Ngagunakeun tanda baca	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Karapihan tulisan	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Jumlah skor		25-5
Peunteun		100-20

3.5 Teknik Ngumpulkeun Data

Data ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun pedoman tés. Tés anu digunakeun nya éta méré tés nulis carpon ka Siswa RSBI jeung Regular kelas VII SMPN 1 Lembang.

3.6 Teknik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa léngkah anu paling penting dina kagiatan panalungtikan sabab, data kurang aya hartina lamun kénéh mangrupa data nu atah, hartina acan atawa henteu diolah. Sangkan data aya hartina jeung implikasina, kudu dirumuskeun mangrupa kacindekan.

Ieu panalungtikan maké métode déskriptif, téhnik ngolah datana nya éta risét déskriptif anu sipatna éksploratif. Kulantaran wangun datana kuantitatif, téhnik ngolah datana nya éta dibandingkeun sarta dijumlahkeun jeung jumlah anu dipiharep, tuluy di perséntaseukeun (Arikunto, 1996: 144).

3.6.1 Nganalisis Kasalahan Basa

Analisis data anu digunakan dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis kasalahan berbahasa. Ieu téhnik téh mangrupa métode gawé dina maluruh kasalahan-kasalahan tulisan murid kalawan ngagunakeun prosedur nu tangtu.

Léngkah-léngkah analisis kasalahan basa, nya éta:

- 1) Maca tulisan atawa karangan murid kalawan gemet;
- 2) Nandaan unggal kasalahan sarta ngasupkeun kana tabel;
- 3) Masing-masing kasalahan dumasar kana klasifikasina nya éta (a) salah nuliskeun aksara, (b) salah nuliskeun kecap, jeung (d) salah ngagunakeun tanda baca.

3.6.2 Méré Meunteun Carpon

Sabada data hasil panalungtikan geus dianalisis sarta diinterpretasikeun, pikeun nangtukeun jumlah skor karangan siswa digunakeun pedoman meunteun.

Dumasar kana éta pedoman, skor maksimal karangan siswa nya éta 25.

Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor ahir kalayan ngagunakeun rumus:

$$PA = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor ideal}} \times 100$$

Sangkan leuwih écés skor siswa ditabulasikeun dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.2
Peunteun Tés Nulis Carpon Siswa

No.	KS	A	B	C	D	E	Σ	PA	PS	Kategori
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)	(10)	(11)
1										
2										
3										
n										

Katerangan :

KS = Kode Siswa

A = Kualitas jeung Lingkup Eusi

B = Makéna Aksara

C = Nuliskeun Kecap

D = Ngagunakeun tanda baca

E = Karapihan Tulisan

Σ = Jumlah Skor

PA = Peunteun Atah

PS = Peunteun Standar

Kategori :

Présentase $\geq 60\%$, siswa dianggap mampu ngalarapkeun éjahan.

Présentase $< 60\%$, siswa dianggap can mampu ngalarapkeun éjahan.

Dina meunteun karangan, siswa dianggap geus mampu saupama geus ngahontal Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM). Dina ngahontal KKM, siswa minimal meunang skor 15 tina skor ideal 25. Sangkan leuwih jéntré bisa katitén tina conto ieu di handap.

$$PS = \frac{\text{Peunteun Atah}}{\text{skor ideal}} \times 100\%$$

$$PS = \frac{15}{25} \times 100\%$$

$$PS = 60\%$$

Jadi siswa dianggap mampu nulis carita pondok luyu jeung KKM saupama meunang skor minimal 15.